Konsèy pou Konsèy Konsiltatif Paran Elèv k ap Aprann Anglè (English Learner Advisory Councils, ELPAC)

Ou se yon manm oswa chèf fanmi nan yon Konsèy Konsiltatif Paran Elèv k ap Aprann Anglè (ELPAC). Men kèk konsèy pou w kenbe ELPAC ou a solid epi kreye lyen.

Kominikasyon avèk Fanmi yo

- **Kreye yon kominote**
  Konnen ki moun ki ka antre nan ELPAC la ak fason pou w antre an kontak ak tout manm yo.
- **Pataje**
  Selebre ak pataje travay nou fè ansanm.
- **Lang**
  Ofri sèvis tradiksyon ak sipò nan zafè teknoloji.
- **Kote a**
  Òganize reyinyon kote fanmi yo ka rasanble.
  Asire w yo ka vini kote a nan transpò piblik.
- **Lè a**
  Planifye reyinyon yo lè fanmi yo disponib.
  Panse pou chanje orè reyinyon yo.

Kominikasyon avèk Distri a

- **Bay konsèy**
  Pwograme reyinyon regilye avèk pwofesyonèl distri lekòl yo.
- **Poze kesyon**
  Dekouvri fason distri lekòl ou an kapab ede ELPAC ou a nan zafè sansibilizasyon ak entèpretasyon pou reyinyon yo.
- **Kowòdone**
  Òganize sipò kominotè ak alèt lè sa nesesè.

Patenarya Kominotè

- **Fè patenarya**
  Travay avèk òganizasyon kominotè yo pou bay enfòmasyon ak resous.


Ou menm ak lekòl la se kòkòt ak figaro nan zafè edikasyon pitit ou a.
Jwenn plis enfòmasyon sou ELPAC nan Gid pou Fanmi Elèv Ki Pale Plizyè Lang yo: [website]

Se Massachusetts Statewide Family Engagement Center, ki se yon pwogram Federasyon pou Timoun ki gen Bezwen Espesyal yo ki te elabore dokiman sa a pou Depatman Edikasyon Primè ak Segondè nan Massachusetts.

Èske ou gen kesyon? Kontakte lekòl la:

Fason ELPAC yo ak SEPAC yo Ka Travay Ansanm

Komite Konsiltatif Paran Elèv k ap Aprann Anglè (English Learner Parent Advisory Councils, ELPAC) ak Konsèy Konsiltatif Paran Elèv ki nan Edikasyon Espesyal (Special Education Parent Advisory Councils, SEPAC) se gwoup paran fanmi yo dirije. Yo kreye ELPAC yo pou sipòte elèv k ap aprann Anglè yo. Yo kreye SEPAC yo pou sipòte elèv ki nan edikasyon espesyal yo. Yo kapab fè yon pi gwo enpak lè yo travay ansanm pou yo sipòte tout elèv yo, sitou Elèv K ap Aprann Anglè ki gen Andikap yo.



Kolabore

- Òganize reyinyon SEPAC ak ELPAC ki aksesib.
- Rankontre Komite Lekòl la onivo distri a.
- Rete an kontak regilyèman pou echanje pi bon pratik ak nouvèl.
- Òganize reyinyon gwoup yo yon fwa pa ane.
- Prezante epi pataje enfòmasyon nan lang moun nan kominote a pale.
- Enfòme paran yo sou sijè ki gen pou wè ak edikasyon nan plizyè lang.

Pataje

- Pataje ide ak estrateji efikas.
- Aprann konnen youn lòt.
- Mete patnè kominotè yo an kontak.

Sipòte

- Travay ansanm pou konseye lekòl yo sou sijè ki gen pou wè ak edikasyon espesyal ak elèv k ap aprann Anglè.
- Rete enfòme sou fason lekòl yo ap travay avè SEPAC ak ELPAC.
- Ranmase enfòmasyon sou fanmi yo pou konprann ki sipò yo bezwen.

Dekouvri kominote ak lekòl yo nou ansanm.

Se Massachusetts Statewide Family Engagement Center, ki se yon pwogram Federasyon pou Timoun ki gen Bezwen Espesyal yo ki te elabore dokiman sa a pou Depatman Edikasyon Primè ak Segondè nan Massachusetts.

Èske ou gen kesyon? Kontakte lekòl la: